

1e jen 2020

Chè Kominote Lekòl Piblik Boston:

Pandan dènye semèn ki sòt pase a, peyi nou te repòn a videyo efreyan de asasina George Floyd pandan li te nan men lapolis nan vil natif mwen de Minneapolis. Evènman endivizib sa a te deklannche santiman de mal tristès ak kolè nan kominote Lekòl Piblik Boston (BPS) an, nan Vil Boston an, ak nan tout peyi a. pwiske trajedi sa a an patikilye te lakòz doulè pwofon pou anpil nan nou, sitou nan kominote Nwa ak Mawon nou yo, nou tout konnen sa a se sèlman yon sèl ensidan pami plizyè syèk de rasis vyolan.

Se kominote ki deja afekte pa pandemi COVID-19 demezireman yo ki santi detrès sa a pi plis. N ap viv nan moman enkyetid sivil pandan n ap lite pou nou ajiste a nouvo reyalite sa a de distansasyon sosyal. Mwen trè rekonesan pou lidèchip kontinyèl nan men Majistra Walsh, ki te òganize yon vèy vityèl samdi apremidi ansanm ak klèje lokal. Fòk nou kreye espas an sekirite pou nou geri pandan moman difisil sa yo.

M ap ankouraje edikatè BPS yo pou yo gen diskisyon ki apwopriye pou laj elèv yo ansanm ak elèv yo semèn sa a pou yo pataje santiman yo an repons a nouvel yo te wè yo. Epi you nou sijere fanmi yo gen diskisyon ouvè pou trete panse yo. Gen resous ak enfòmasyon konpreyansif sou sante mantal ak sipò pandan kriz pou elèv yo ak fanmi yo disponib [isi](#).

Konvèsasyon sal klas vityèl nou yo semèn sa a (ou ka jwenn resous yo [isi](#)), ak reyinyon ki gen rapò ak sa pou Biwo Santral ak pèsònèl skolè, fè pati efò kontinyèl nou yo pou nou antoure anviwònman aprantisaj ak travay ki an sekirite, ki akeyan, e ki afime kiltirèlman kote nou respekte elèv yo kou staf epi yo ka fleri. Nou kontinye ap egzamine chak politik, kourikoulòm, estrateji, ak desizyon atravè yon loup egalite, epi nou angaje pou nou travay chak jou pou n dirije resous pou nou satisfè bezwen elèv endividyèl, ak yon fokis sou elèv ak fanmi nou yo ki gen plis bezwen.

Nou konnen trajedi sa a ak konsekans li yo te kreye yon moman difisil nan lavi nou tout pi ensèten toujou, epi BPS la pou w. Pou resous pou elèv ak fanmi yo, tanpri ale sou bostonpublicschools.org oswa rele Liy Asistans Familyal BPS la nan 617-635-8873. Liy asistans la ouvri lendi pou vandredi, 9è00 am pou 5è00 pm, epi gen sipo disponib nan 10 lang.

Pou nou atenn yon chanjman sosyal li lè e li tan pou nou atenn pou nou kwape rasis epi konstwi pon pami moun nan idantite rasyal ak etni diferan, fòk nou andose chanjman pandan nou tou travay pou nou pran swen nou youn a lòt epi bat pou nou tande sa ki afekte plis yo. Nou pral travèse sa a ansanm.

Nan inite,



Dr. Brenda Cassellius
Sipèntendant